



Ou te blese pandan ou pa te nan espas travay la? Yon gid pou avantaj pou andikap



Workers' Compensation Board

Nan New York, enstitisyon travay k ap travay pou fè pwofi yo ak kèk enstitisyon travay ki pap travay pou fè pwofi oblije gen asirans pou avantaj pou andikap. Li peye w avantaj lajan kach tanporè si w pa ka travay paske ou te blese oswa ou vin malad menm si sa a pa gen rapò ak travay ou. Sa a ka gen ladan gwsès ak swen apre akouchman.

AVANTAJ LAJAN KACH

Avantaj la se 50% salè mwayèn ou pa semèn, jiska yon maksimòm \$170 pa semèn. Mwayèn salè w pa semèn baze sou salè w pandan uit (8) semèn travay la anvan dènye jou ou travay la. Gen yon pati nan avantaj yo ki pral peye pou taks Sekirite Sosyal yo.

Gen yon peryòd datant sèt (7) jou pou avantaj yo; avantaj yo kòmanse sou uityèm jou apre andikap la te kòmanse. Premye pèman avantaj la dwe fèt nan lespas kat jou ouvrab apre 14yèm jou andikap ou a, oswa kat jou ouvrab apre konpayi asirans lan resevwa reklamasyon w lan, kèlkeswa sa a ki vin apre a. Yo dwe peye avantaj yo chak de (2) semèn pandan peryòd andikap la.

Enstitisyon kote w ap travay la dwe ba w yon **Deklarasyon sou Dwa w - Lwa sou Avantaj Andikap (Fòm DB-271S)** nan lespas senk (5) apre yo vin konnen ou andikape.

Dwa w ak avantaj yo ka afekte si w kite travay ou pou rezon ki pa gen rapò ak andikap la.

PRIM AND KOUVÈTI ASIRANS

Yon enstitisyon travay ka pran yon kontribisyon nan men anplwaye li yo pou peye prim asirans avantaj pou andikap la. Kontribisyon an se jiska mwatye nan yon pousan nan salè yo, jiska 60 santim pa semèn.

KIJAN POU OU DEPOZE YON REKLAMASYON

1. Depoze **Avi ak Prèv Reklamasyon pou Avantaj pou Andikap (Fòm DB-450)** la bay konpayi asirans

enstitisyon travay ou a (oswa enstitisyon travay ou a, si yo gen asirans pou pwòp tèt pa yo) nan lespas 30 jou apre w vin gen andikap la. Fòm sa a disponib sou wcb.ny.gov.

Si yo pa peye reklamasyon w lan byen vit, kontakte enstitisyon travay ou a oswa konpayi asirans anplwaye w la.

Si ou depoze demann ou an anreta, yo kapab pa peye pou nenpòt peryòd andikap ki plis pase de (2) semèn anvan dat ou te depoze reklamasyon an. Kapab gen eskiz pou depo plent ki fèt anreta yo si ou kapab bay prèv ki montre, yon fason ki rezonab, li pa t posib pou ou te depoze l pi bonè. Yo p ap peye avantaj yo si ou depoze demann lan plis pase 26 semèn apre peryòd andikap ou a kòmanse, oswa apre ou fin retounen nan travay.

2. Pwofesyonèl swen sante w la dwe ranpli **Pati B - Deklarasyon Pwofesyonèl Swen Sante** a ki nan **Fòm DB-450**, epi retounen l ba ou nan lespas sèt (7) jou apre ou fin resevwa l.
3. Enstitisyon travay ou a dwe ranpli **Pati C - Enfòmasyon sou Enstitisyon Travay la** epi retounen l nan lespas trwa (3) jou ouvrab apre li resevwa l. Si yo pa fè sa a, ou ka toujou kontinye ak aplikasyon w lan.

ÈD POU LANG

Komisyon an ap tradui dokiman yo nan nenpòt lang ou bezwen. Epi tou l ap bay yon entèprèt pou odyans ou an, san w pa gen pou peye frè! Tanpri rele nimewo **(877) 632-4996** pou fè aranjman pou tradiksyon oswa entèpretasyon. Si w ap itilize odyans sou entènèt, ou gen opsyon pou mande yon entèprèt tou pandan pwosesis anrejistreman an.

GWOSÈS

Andikap ka rive nenpòt lè pandan gwasès oswa apre akouchman. Fanm ansent oswa nouvo manman yo ka resevwa avantaj andikap pandan yo sou konje matènite, si yo kalifye. Yon doktè oswa yon enfimyè fanmsaj sètifye dwe sètifye andikap la ak rapò medikal. Pafwa yon konpayi asirans ka mande enfòmasyon medikal ki gen plis detay pou gwo andikap.

PLAN AVANTAJ SIPLEMANTÈ POU ANDIKAP

Enstitisyon travay ou a ka ofri yon plan asirans siplemantè pou avantaj pou andikap. Plan siplemantè yo gen avantaj diferan pase sa yo egzije nan asirans obligatwa (oswa legal) ki dekri la. Kòm plan yo ka varye, tanpri kontakte enstitisyon travay ou a dirèkteman pou ou jwenn plis enfòmasyon konsènan avantaj ki ka disponib pou ou yo.

ASIRANS CHOMAJ AK AVANTAJ POU ANDIKAP

Si w ap resevwa avantaj Asirans Chomaj epi w vin andikape ant kat ak 26 semèn apre w fin kite travay la, ou ka kalifye pou avantaj andikap depi premye jou andikap la. Sepandan, ou pa kapab resevwa avantaj Asirans Chomaj ak avantaj pou andikap an menm tan an. Ou kalifye sèlman si w pa kapab resevwa avantaj Asirans Chomaj paske yon blesi oswa yon maladi anpeche w chèche travay epi, nan ka sa a, li diskalifye w pou ou pa resevwa plis avantaj Asirans Chomaj.

Depoze yon **Avi ak Prèy Reklamasyon pou Avantaj pou Andikap (Fòm DB-450)** la dirèkteman bay Komisyon Konpansasyon pou Travayè nan:

Workers' Compensation Board
Disability Benefits Bureau
P.O. Box 9029
Endicott, NY 13761-9029

LÒT SIKONSTANS

- **Reklamasyon yo Rejte:** Si yo rejte reklamasyon w lan, ou gen dwa pou mande yon re-evalyasyon refi a. Soumèt demann ou an bay:

Workers' Compensation Board
Disability Benefits Bureau
P.O. Box 9029
Endicott, NY 13761-9029

Si w toujou andikape epi avantaj ou yo sispann anvan peryòd avantaj 26 semèn nan fin pase epi ou te soumèt prèy medikal andikap ou a bay konpayi asirans lan, ou gen dwa pou soumèt yon demann pou re-evalyasyon nan Biwo Avantaj Andikap la. Konpayi asirans lan dwe peye avantaj pou yon reklamasyon yo detèmine ki apwopriye epi ki valab lè li resevwa prèy medikal la. Si sa a nesèsè, yo pral refere reklamasyon an bay yon Jij Lwa Konpansasyon pou Travayè pou rezolisyon.

- **Aksidan Machin:** Ou ka resevwa avantaj andikap pou yon blesi ou sibi nan yon aksidan machin. Sepandan, kantite avantaj andikap yo ka diminye nenpòt avantaj asirans kit ou antò kitou pa antò ou kalifye pou resevwa.
- **Avantaj Sekirite Sosyal yo:** Si w toujou ap travay epi ou resevwa avantaj retrèt Sekirite Sosyal yo, ou kapab kalifye pou avantaj pou andikap yo. Sepandan, si w ap resevwa avantaj andikap Sekirite Sosyal, epi ou depoze yon reklamasyon tou pou avantaj andikap Eta New York yo, w ap resevwa pi gwo nan de (2) avantaj sa yo; ou pap resevwa toude.

Pa egzanp, si avantaj andikap Sekirite Sosyal ou yo se \$400, epi avantaj andikap Eta New York ou yo se \$170, w ap resevwa sèlman \$400.

RESTRIKSYON:

Ou pa kapab resevwa avantaj andikap si w ap travay. Asirans avantaj andikap la pa kouvri swen medikal. Yo pap peye avantaj pou peryòd andikap akòz operasyon ki pa nesèsè. Enstitisyon travay potansyèl yo pa ka poze w kesyon sou reklamasyon avantaj andikap ou yo anvan yo anboche w.

**Pou kesyon konsènan reklamasyon avantaj andikap ou a, ou dwe rele konpayi asirans enstitisyon travay ou a
Pou enfòmasyon jeneral sou avantaj pou andikap yo, rele nimewo (877) 632-4996, oswa ale sou wcb.ny.gov**

Komisyon Konpansasyon Travayè Eta New York (New York State Workers' Compensation Board) la pwoteje dwa anplwaye yo ak enstitisyon travay yo genyen lè li chèche gen asirans yo bay avantaj yo fason ki apwopriye a ak lè li ankouraje yo respekte lalwa. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Komisyon an, ale sou wcb.ny.gov. Enskri pou ka resevwa notifikasyon Komisyon yo sou wcb.ny.gov/Notify.